ГЬУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА
Газета «Дружба» 90 лет
№ 48 (10121) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 24 июль. /Рузман
« ГЪУДУЛЛЪИ» КАЗИЯТАЛЪУЛ, ЮБИЛЕЯЛДЕ ХIАДУРУЛАГО

# ГIумрудул ва захIматалъулаб нух



ХIайбулаев Назир ГIамирханович - (1943-2007сс.)

КIудияб ВатIанияб рагъда эменги тIагIун, гьитIинго эбелги хун инсул вац ГIамирханил МухIамадил ва гьесул хъизан эбелалъул яц ПатIиматил цIобалде ккарав Шодрода росулъав Назир гьитIинго ругъунлъана захIматлъабазе къуркьичIого, кьварилъаби рорхизе. Къисматалъ лъадарун букIана гьесул черх къо хIехьеялъе, гIаданлъиялъе ва инсан вокьиялъе. ГIагараб росдал анкьго сонил школалда лъайги босун Назирица 1961 соналъ лъугIизабуна АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школа. Гьеб лъугIун хадуб гьесул гIумрудул ва захIматалъул нух гьадинаб букIана:

(Хадусеб 2 аб. гьум.)

## С Днем Конституции Республики Дагестан!



*Уважаемые жители Ботлихского района!*

*Сердечно поздравляю вас с главным государственным праздником нашей республики - Днем Конституции Республики Дагестан!*

*Конституция закрепила государственное устройство республики, утвердила нормы жизни дагестанского общества, провозгласила высшими ценностями права и свободы человека, является надежным гарантом социально-политической стабильности в обществе, слаженной и эффективной работы всех звеньев власти. Она отражает многовековые традиции дружбы и единства наших многонациональных народов, уважения к своей истории и культуре, бережного отношения к родной земле.*

*Выполнение гражданами своих обязанностей и делает возможным реализацию их прав и свобод. Мы должны быть едины, обеспечить ускоренное и устойчивое развитие родного края. Жители нашего района твердо следуют Конституции и делают все возможное для сохранения мира, стабильности и согласия в своем районе и республике.*

*Общими усилиями мы решим задачи по улучшению всех сфер жизни района, последовательно наведем в них порядок, будем стремиться к благополучию всех наших граждан.*

*Желаю всем жителям района крепкого здоровья, мира, добра, благополучия, новых успехов и достижений во имя процветания района, республики и всей России!*

**С уважением, исполняющий обязанности главы МР «Ботлихский район» Руслан Гамзатов.**

# ГIумрудул ва захIматалъулаб нух

1961соналъул ахиралде щвезегIан хIалтIана росдал колхозалъул гIиявехьлъун. (Доб заманалда тIадегIанал цIалул заведениябазде цIализе чи восизе ккани къваригIулаан колхозалда хIалтIараб лъагIалил стаж).

1962 соналъул августалде щвезегIан хIалтIана МахIачхъалаялъул бакIал ралеб №3 Управлениялъул батIи-батIиял хIалтIаби гьарулев чилъун.

1962 соналъул сентябрь-ноябрь моцIазда хIалтIана гъутаналда бугеб байбихьул школалъул заведующийлъун.

1962-1965 соназда хъулухъ гьабуна Советияб армиялда.

1965-1966 соназул сентябрь-январь моцIазда хIалтIана Болъихъ районалъул «Коммунизмалде нух»-газеталъул корректорлъун.

1966-1969 соназда хIалтIана Болъихъ районалъул бакIалъулаб радиовещаниялъул редакторлъун. ТIоцебе гьес байбихьана районалъул организациялъул хIалтIулъ ругел гIоларел рахъал загьир гьарурал ва сатирикиял передачаби гIуцIизе. Гьенив хIалтIулаго гьес живго вихьизавуна гьунар ва лъай бугев журналистлъун. Гьесул бугеб лъай, хъвадаризе ва кIалъазе бугеб махшел бихьун райком партиялъ гьев жидерго хIалтIуде вачана.

1970-197I соназ хIалтIана Болъихъ райком партиялъул орготделалъул инструкторлъун.

1971-1973соназул сентябралде щвезегIан хIалтIана Болъихъ райком партиялъул пропагандаялъул ва агитациялъул отделалъул заведующиясул заместительлъун.

1973-1990 соназда хIалтIана МахIачхъалаялда КГБ-ялъул жавабиял хIалтIабазда.

1974 соналъ Назирица шуго соналъ заочноги цIалун, лъикIал къиматазда лъугIизабуна Ростовалъул тIадегIанаб партиялъул школа.

1990-1998 соназда хIалтIана Болъихъ районалъул ФСБ-ялъул нухмалъулевлъун. Доб заманалда гьеб органалъул жавабчильиялде гъорлъе кколаан Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада ва Гумбет районал.
Дол рукIана цIакъ захIматал сонал. Бихьун букIана гучаб пачалихъ СССР. Улкаялда тIад кверщел гьабулеб букIана квешлъиялъ.1994-1996 соназда Чачаналъ унеб рагъалъ Болъихъ, ЦIумада ва Гумбет районазул гIорхъабазда букIана хIалуцараб хIал. 1995 соналъул 18 июналда Зибирхъали унаго чIун бугеб Россиялъул гIорхъаби цIунулезул заставалде чачаназул боевикал тIаде кIанцIидал, (гьеб киналъулго баян цебехун хъван буго) кумекалъе унел аскариязе цебехъанлъи гьабулеб букIана Болъихъ ФСБ-ялъул начальник п/полковник Н.ХIайбулаевас. Гьенире унаго гьел ккана тушманасул гъоркьчIелалде ва тушмангун рагъизе ккана ункъго сагIаталъ. Хвалил бадивги валагьун гьабураб гьеб бахIарчияб гьунаралъе гIоло пачалихъалъ Назирил каранда бана медаль «За отвагу».
Гьелдаса хадуб, Назирица гIемер хIалтIи гьабуна нилъер район дагIба-къецалде гъорлъе цIачIого букIиналъе гIоло. Цо чанго нухалъ чачаназул авлахъалъулал командирзабигун дандчIвазе живго ана ва гьенир ракълилал къотIабазе тадбиралги гьаруна. Назирица абулеб букIана чачаназул боевиказде: «Нижер ракьалда ругел гIурусаз нужеда киданиги гьужум гьабизе гьечIо… Нужер иш гьечIо нижер ракьалда нижеца аздагьаби хьихьаниги…»-ян. Назирил аслияб кIвар буссинаби букIана чачаназул рагъухъабаз Болъихъ районалъул ракьалда рагъ цIачIого букIинаби. Гьелъие гьез рагIиги кьуна.
Назирил хIаракатчилъиялдалъун цо чанго нухалъ боевиказулгун гьарурал ракълилал гара-чIварияз кIудияб пайдаги кьуна.
1999 соналъул августалда Болъихъ районалде тушман тIаде кIанцIидал, пенсиялдеги ун, хIалхьиялда МахIачхъалаялда гIумру гьабун вукIарав Назир Болъихъеги вачIун гIагараб росдае гIоло вагъизе хIадур вукIана.

Назирил хIалтIуе кIудияб къимат къурал пачалихъалъул анцIанцI баркала къеялъул кагътал, грамотаби ва къиматал сайгъатал кьун руго СССРалъул КГБ-ялъ. 1965-1990 соназда халкъалъе гIоло гьабураб хъулухъалъухъ, СССРалъул шибаб юбилейниял праздниказда кьолел рукIарал пачалихъалъул шапакъатал анкьго медаль кунчIана Назирил каранда.

1981 соналъ СССРалъул КГБ-ялъул тIад къаялда рекьон, Назирие рес щвана Совет Союзалъул хIажизабигун цадахъ ХIаж борхизеги.

Назирица нахъ тана лъикIал лъимал, кIиго васги цо ясги. Лъималги инсул нухдаса ун халкъалъе хъулухъ гьабулел руго; кIудияв вас ХIайдарбег хирург- травматолог, хадусев вас Арсен инсул нухдаса унев вуго ва ясалъулги буго тIадегIанаб лъай.

**Салман ХIасбулаевасул архивалдасан босараб**

---

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**

от 15 июля 2020 г.
№57

с. Ботлих

**Об утверждении планировки и проекта межевания территории объекта**

На основании Протокола проведения публичных слушаний по проекту планировки и межевания территории объекта от 13 июля 2020г. администрация муниципального района постановляет:
1.Утвердить проект планировки и межевания территории линейного объекта:
- «Межпоселковый газопровод от ГРС Ботлих - с. Агвали - с. Кочали - с. Гигих с отводами с. Тандо, с. Миарсо, с. Годобери Ботлихского района, с. Гигатли -Урух Цумадинского района Республики Дагестан, назначение: транспортировка газа, протяженность 35078.3200 м. Адрес (местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район, Ботлихский район».

- «Межпоселковый газопровод от ГРС Ботлих - с. Агвали- с. Кочали - с. Гигих с отводами с. Тандо, с. Миарсо, с. Годобери Ботлихского района, с. Гигатли – Урух Цумадинского района Республики Дагестан (Реконструкция участка газопровода: Ботлихский район (в районе населенного пункта Миарсо). Код стройки 46845-19».
2.Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Гьудуллъи-Дружба» и разместить на официальном сайте АМР «Ботлихский район» в сети Интернет.
3.Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на начальника ОУМИ и З Абдулаева Л.К.

**Заместитель главы администрации А.Р. Лабазанов**

---

Приложение:
к постановлению
АМР «Ботлихский район»
от 15 июля 2020 года №56

**ЗАКЛЮЧЕНИЕ**

***о результатах публичных слушаний по проекту планировки и межевания линейного объекта.***

с.Ботлих 13 июля 2020 г.

Дата проведения: 13.07.2020 года.
Время проведения: 14.00.
Место проведения: зал заседаний администрации МР «Ботлихский район» по адресу: РД, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная 130.
Тема публичных слушаний: О согласовании и утверждении проекта планировки и межевания территории объекта.
Публичные слушания назначены и проведены на основании распоряжения Администрации МР «Ботлихский район» от 02 июля 2020 г. №68-р.
Результаты публичных слушаний оформлены протоколом от 13 июля 2020 года.
Заслушав информацию по проекту планировки и межевания территории линейного объекта, на публичных слушаниях принято решение утвердить проект планировки и межевания территории следующего объекта:
«Межпоселковый газопровод от ГРС Ботлих- с. Агвали- с. Кочали- с. Гигих с отводами с. Тандо, с. Миарсо, с. Годобери Ботлихского района, с. Гигатли –Урух Цумадинского района Республики Дагестан, назначение: транспортировка газа, протяженность 35078.3200 м. Адрес(местоположение): Россия, Республика Дагестан, Цумадинский район, Ботлихский район»
«Межпоселковый газопровод от ГРС Ботлих- с. Агвали- с. Кочали- с. Гигих с отводами с. Тандо, с. Миарсо, с. Годобери Ботлихского района, с. Гигатли –Урух Цумадинского района Республики Дагестан «Реконструкция участка газопровода: Ботлихский район, (в районе населенного пункта Миарсо). Код стройки 46845-19».

**Председатель комиссии: Лабазанов А.Р.**

**Секретарь комиссии: Азаев А. М.**

# ЦIиял хьулал, къасдал, ва спорталде бугеб рокьи



Ас-саламу гIалайкум хIурматиял газета цIалулел! Нилъерго "Гьудуллъи" газеталда нижеца рагьун буго "Медиа-ресурс "Ботлих 24" абураб сайт. Гьелъ рес кьезе буго нижее районалда кколеб-толеб жиндир заманалда къватIибе кьезе.

Жакъа нижехъ гьоболлъухъ вуго физическияб культураялъулгун спорталъул ва туризмгун гIолилллъиялъул ишазул отделалъул нухмалъулев Руслан МуртазагIалиев.

**ТIоцебесеб иргаялда баркула Руслан, цIияб хъулухъ. Гьабулеб ишалъулъ битIккей гьарула. Кутакалда гучав, жан бугев, гьабулеб хIалтIул низам лъалев чи вукIана Темирхан. ЗахIмат букIина гьесдасан цеветIун хIалтIи бачине. Бугониги кинал цIилъаби гьаризе дуда ракIалда бугеб?**

-Темирхан спорталъе эпоха вукIана. 30 соналъ лъикIаб хIаракат бахъана гьес тIадегIанаб даражаялда хIалтIи гIуцIизе. Гьесул гIуцIалилаб хIалтIи бихьичIого хутIичIо спорталъул Министерствоялдаги. ГIемерал шапакъатал щвана гьесие. Темирханил гIуцIалилаб махщалиде щвезе хIаракат бахъизе ккела. ЦIилъабазул бицани, абила. ГьабсагIаталда нижеца гIуцIулеб буго "Комплексная программа развития физической культуры" абураб программа.

Нилъер районалда букIинчIо кIудияб кIвар кьун, сахлъиялъул рахъалъ сахъатал гIадамазул спортивияб ишалде.

Гьеб рахъги цебетIезабизе ракIалда буго. Гьединго цебетIезабизе ракIалда буго чIор речIчIиялъул тайпаги. АхIун специалисталгун гьабизе буго махщел камил гьабиялъул дарсал.

**Жигарги гучги гьираги бихьула дур ва дуль, гьира букIараб гIоларо, гIарацги хIажалъула, хIаракатги дагьаб букIуна, квербакъиги къваригIуна, кинал хьулал, анищалха дур ругел?**

-Узухъда, щибаб ишалъулъ гIарац аслулъун букIуна. Гьаб лъабабго тайпа; спорт гIолилллъи ва туризм цебетIеялъе нухал ратизе ругин абуна живго районалъул бетIерасул ишал тIуралев Руслан ХIамзатовас. Гьелъие гIуцIизе ккун буго календарнияб план ва гьеб рагIалде бахьигун ишги роцIцIине буго.

**Росдал бетIерлъун вугеб мехалдаги гъуждулги гурун жуван вукIана мун росу цебетIезабизе, гIемераб хIалтIи гьабуна, гьабичIого хутIараб, бицунаго хутIараб бугищ?**

-Валлагь битIараб бицани МухIамадрасул, Микрорайон-Болъихъ гьадаб нух. Гьагьаб нух буго мунагьал чураяв ГIабдулмаликица, Болъихъ гIурабго заманаялъ дибирлъунги вукIарав чи вуго гьев, жиндирго гIарцуца бахъараб. Гьеб нух цо дагьаб гIатIид гьабизе гьесул ясалъул ва ТIагьахIажицаги гIурабго гIарцулаб кумек гьабуна.

Спонсораз жеги тIадеги квербакъун 1,5 километралда гьутIбиги лъуна, лъималъул шлангги бачана. ГIадамазе пайдаялъе лъурал гьутIби руго гьел. КIудияб баркала буго щивав гьеб ишалъулъ квербакъи гьабурав чиясе. Росулъ балеб буго цIияб ясли-ах, фельдшерскияб пункт. ГIунгутIи букIуна лъел рахъалъа. Жакъа къоялда федералияб программаялда рекъон лъимги буго бачунеб. ЦIакъ захIматаб хIалтIи буго росдал бегавуллъи. ЖамагIаталъеги гIолохъабазеги баркала загьир гьабизе бокьун буго.

Щибаб ишалъулъ гьел дида кидаго аскIор ратана.

**Дурго ракI рекъарав чигIаги кканищ дурго бакIалде бегавуллъун?**

Замасул хъулухъалда вукIарав АхIмад абун гIолохъанчи вуго жакъа къоялда заманаялъ гьеб иш тIубалев. Бажари бугев чи вуго.

Рищиял лъугIидал лъалаха лъида гьеб иш божизабизе бугебали.

**Щибаб сонилаблъун гьабизе бокьун букIараб ва байбихьараб "Бои без правил" исана букIинадай?**

Исанаги гьаб карантинги бахъун гьабизе биччан танани 14 августалъ гьабизе ракIалда буго.

**Гьаниб гьабизе байбихьаралдаса нилъерго гIолохъабазул гьира-шавкъ ккезеги ккун рачIарал, хIадурарал лъимал ругищ?**

ЦIакъ гIемер гIолохъаби руго ГIандиса, Муниса, ГIалахъа, Болъихъа ва гьединго цогидал росабалъанги. ХIабибица пояс босаралдаса нахъе гьираги цIикIкIунеб буго.

Жакъа районалъул бетIергун ва мунгун дандчIваялъе рачIун рукIана нилъерго ракьцоял "Высшая лига"-ялда хIалел волейболистал ГIумарги Раджабги.

**Гьел гIемерисезда лъаларо. Нилъерго районалда жанирги гьел машгьурлъизе щибдай гьабун лъикI бугеб. Дурго пикру кинаб бугеб?**

Информационнияб технологиялъулаб гIасру буго гьаб. Бокьараб жо бахъун бокьараб бакIалда лъезе рес буго нилъер. "Высшая лигаялде" гьорлъе ккейги гьеб кIудияб битIккей буго. Дагъисталъул волейболалъул таварихалда жаниб тIоцебе ккараб лъугьа-бахьин ккола гьеб . ГьитIинал гIолохъаби руго гьел. Нилъер районалда гIурал, байбихьи гьанибго лъурал. Гьел гьанирехун рачIараб мехалда ракIалда буго цо мастер-класс гьабизе.

Гьединал мастер-классал гьаризе ракIалда буго гIицIго волейболалъул рахъалъа гуребги, боксалъул, гугариялъул ва гь.ц. рахъалъанги.

Гьединан гьабураб кIалзулаб кьотIи-кьайги буго. Лъималазул лъикIаб гьира базабула спорталъул цIвабигун гьабураб гарачIвариялъ.

**Дагъистаналъул тIоцевесев президент МухIу Гьиматовичасул призалъе (80 сон тIубай) гIоло Хунзахъ (ТIануси) тIоритIулел торгIо хIаялъул кьецазде щал ине ругел ва кинал хьулал нилъерго командаялде бугеб. Цебе цIакъ машгьураб букIана торгIо хIаялъе балъхъадерил команда. Доб цебе букIараб къадруялде бахине щибдай гьабилеб?**

ХIадурулел руго. Турниралъул буго гьадинаб шартI: цо росулъан команда букIине ккола. Нижер хьул буго "Болъихъ" росдал команда битIизе. Доб цебе букIараб къадруялде бахине кканани тIоцебесеб иргаялда волейболалде гьира-рокьи цIикIкIинабизе ккела.

Кутакал кьецал рукIунаан цере Болъихъ, ГIахьвахъ, Хунзахъ командабазул. Бугищ жакъа къоялда гьединабго машгьурлъи? Ясалазул команда гIуцIиялъул рахъ кин бугеб?

Болъихъ районалъул команда кидаго букIана цебесеб кьерда. Ахир заманаялъ тIуцун буго волейболалде бугеб гьира.

Ясалгун захIмат буго. "Чияр ясал рокъор те" абун бугелъул умумузул аби. Гьединлъидал ракIалда буго жеги школалдасанго ясал-васалазул волейболалдехун гьираги цIикIкIинабизе, командабиги гIуцIизе.

Гьабулеб жоялъе гьира бугонани кинабго нухда ккола. Воххарав вуго мун гьениве ккеялъе, бажари бугев, жигар бугев, жан бугев чи вуго. Дуе тавпикъ, икъбал, сахлъи рохел.

**М-Р.ГьазимухIамадов,**
**ГI. МухIамадова**

## Уроженцы Ботлихского района стали игроками волейбольной Суперлиги России

20 июля в администрации МР «Ботлихский район» состоялась встреча исполняющего обязанности главы района Руслана Гамзатова с Раджабдибиром Шахбанмирзаевым и Омаром Курбановым - волейболистами из Ботлихского района, ставшими игроками Суперлиги России.

Таких успехов дагестанские волейболисты достигли впервые. С 2020 года Раджабдибир Шахбанмирзаев из села Рахата является игроком команды по волейболу «Газпром Югра» г. Сургут. 19-летний волейболист из села Ансалта - доигровщик молодёжной сборной России Омар Курбанов подписал трехлетний контракт с петербургской командой «Зенит».

Глава района поздравил спортсменов с успехами, пожелал дальнейших побед на избранном пути и покорить более высокие вершины.

«Вы являетесь примером для подрастающего поколения района. И главное, куда бы вы не попали, чтите обычаи родного края, культуру и воспитание своей семьи. Всегда помните – откуда вы», - напутствовал Руслан Гамзатов.

Также в ходе встречи обсуждены вопросы состояния волейбола и других игровых видов спорта в районе на сегодняшний день и меры их поддержки и дальнейшего развития. Руслан Гамзатов отметил, что совместными усилиями образовательных учреждений, спортивных школ и тренеров нужно сделать все возможное, чтобы вернуть Ботлихский район на былой уровень в спорте.

**Пресс-служба администрации МР «Ботлихский район»**



# КЪУРБАН ХЪВЕЙ ВА ГЬЕЛЪУЛ ХIУКМАБИ

Къурбан хъвей нилъер Аварагас(с.т.гI.в.) цIакъго тIадчIей гьабураб суннат буго. Къурбаналъе хъвезе бегьула варанаби, чIегIерхIайванал, гIиял, цIани. Цо чиясул цIаралда хъвезе бегьула цо сон бараб гIиялъажо, яги кIиго сон бараб цIелжо. ЧIегIерхIайван хъола анкьго чиясдасан. Гьел бутIадулаца гьан бикьизеги бегьула бащалъи кколеб хIалалъ. Къурбан хъолев чиясе карагьатаб буго ЗулхIижжаялъул байбихьудаса бахъараб анцIабилеб къо, ай Къурбан хъвезегIан рас кIкIвазе ва гьеб къунцIизе. Къурбаналъе бищун хирияб буго гIиялъажо, хадуб цIелжо. Гьединго хирияб буго хъахIаб, кьарияб, бихьинаб. Къинаб букIин лъалеб, унтараб, цIакъго хIалакъаб, рекъаб, беццаб, хъирис бараб жо Къурбаналъе хъвезе бегьуларо. Берда накIкI лъугьун букIиналъул ва къинаб букIиналда щакаб, кьарияб хIайваналъулги ургъел букIунаро. Канлъи дагьаб, гIин бихъараб, свераpаб, хIанал рахъараб, гванзаб, кигIан гIемер къинлъараб батаниги цIуяб, цаби роpтараб, гIангисаб хIайван Къурбаналъе хъола, цIакъго хIалакъаб батичIони.

ГIуж базе гIадатияб къагIидаялдаса цIикIкIун гIин къотIараб хIайван нилъер Имам ШафигIил мазгьабалда рекъон Къурбаналъе бегьуларо, имам Абу – ХIанифал, ялъуни имам Маликил мазгьабалде такълид гьабун гурони. Гьединаб хIайван хъвезе рес гьечIев, яги бутIа гьабун хъвезе рес гьечIев чияс лъимал рохизаризе ккола Къурбан къоялъ сундасан бугониги. Би биччазе бегьула Ибну ГIаббасил рагIиялда рекъон гIанкIу – хIелекоялдасан, ордек – хъазалдасан, гургуралдасан ва гь.ц.

Къарахъа М у х I а м м а д ТIагьирица (рахIимагьуллагь) хъвалеб буго жиндир устарас амру гьабулаан гьев Ибну ГIаббасил (жиндаса Аллагь* разилъаяв) нухалде такълид гьабеян. Гьединго абулаан гьес гIакъикъ хъвеялъул хIакъалъулъги.

Гьеб къурбан хъвезе бищун хирияб гIуж буго ЗулхIижа моцIалъул анцIабилеб къоялъ цо хочол манзилалъ берзуе анкьго натI гIанасеб манзилалъ бакъ эхеде борхараб заман. ГIуж нахъе хутIула ташрикъазул къояз бакъ щинкIизегIан, ай 12 – леб ЗульхIижаталъул бакъ щинкIизегIан. Гьел къояздаса цебе хъвезе бегьуларо. Къурбан хъвезе нийят гьабизе тIадаб буго паризаяб букIаниги, суннатаб букIаниги гьадин: «Дица нийят гьабула дир яс ПатIиматидаса гьелъул изнуялда рекъон суннатаб Къурбан хъвезе Аллагьу акбар»- абун. Паризаяб бугони паризаяб абила. Къурбаналъе хъолеб мехалъ хIайваналъул чорхолъ чIараб чIаголъи букIине ккола би чирун, лага багъарун, хIухьел биччан.

Хъолеб жоялъул Имам ШафигIил мазгьабалда рекъон тIубан мукъулукъги, рисиги къотIизе ккола, Маликил мазгьабалда гьеб кIиябгоги, гьезда аскIоб бугеб бидул рихьги къотIизе ккола, ХIанафил мазгьабалда гьеб ункъалъулго лъабгоялъул цIикIкIараб бакI къотIизе ккола.

Хъолев чи вукIине ккола бусурманав, гIакълу бугев, гьеб хъун бажарулев, бихьинав вукIа, цIуяв вукIа, гьитIинав чи вукIа. Къурбан хъолев чиясе суннатаб буго хъолеб жоялда рахIму – гурхIел гьабизе, хъолеб бакIалде бехъерхъун бачинчIого, берцинго бачун, гIодоб тIамулеб мехалъ хIеренго тIамун, тункичIого, бохал чучго тун, тIаде регун захIмалъи гьабичIого. Гьединго нус рекIинабизе ккола лебалаб къагIидаялъ гьелда бихьулареб, рагIулареб бакIалда, хъвезеги ккола цоги хIайваналда бихьулареб бакIалда, нусги цохIо нухалъ бахъаниги гIолеб хIалалъ рекIун букIине ккола. ЧчукIкIизеги ккола тIубан рухI бахъун лъугIараб мехалъ. Гьеб хъолеб мехалъ ракIалде ккезе ккола Аллагьасе мукIурлъи, Гьесул ругел чIахIиял нигIматазде ва гьел хIайванал нилъее мутIигI гьариялда щукруги гьабун вукIине ккела. Гьединго суннатаб буго жиндирго Къурбан жинцаго хъвезе, ялъуни цогидас хъолеб бугони аскIов вукIине.

Такбир бачинеги суннатаб буго хъвелалде цебе. Хъолеб мехалъ «Бисмиллагьи Аллагьу акбар» - абун абила, хадуб тIадеги жубала: **«Инна салати ва нусуки ва махIяя ва мамати лиллагьи раббил гIаламин ла шарика лагьу ва бизалика умирту ва ана минал муслимин»**. Гьеб мехалъ Къурбан хъолев чиги хъолеб хIайванги къиблаялдеги буссинабун гьадин дугIа гьабила: **«Аллагьумма гьаза минка ва илайка фатакъаббал мини иннака анта ссамигIун гIалим»** - абун.

Хирияб буго Къурбаналъул гьан кинабго садакъаялъе кьезе, гьедин гьечIони садакъаялъе кьолеб жо лъабго бутIа гьабун цо бутIаялдаса дагьлъизе биччангутIизе. ТIадаб буго цо бутIа, хирияб буго цо лага чIаго садакъаялъе кьезе. Гьедин кьезе белъараб, бежараб бегьуларо, ургьиб букIунеб жо бегьуларо, бетIер, чIинчIал, тIатIи, мох-мох бегьуларо, гьелъул тIом – цIоко бичизе бегьуларо, садакъаялъе кьезе ккола-ян. Живго тун батIияв чиясдаса Къурбан хъвезе бегьуларо гьесул изну гьечIого, хварав чи вугониги. Амма Къаффал абулевги, АбулхIасанил ГIуббади абулевги гIалимзабаца абун буго: «ГIагарав хварав чиясдасан Къурбан хъвезе бегьула»,-ян, гьедин хъураб Къурбаналъул гьан кинабго садакъаде кьезе ккола. ИкънагI абулеб тIехьалда хъвалеб буго: «Чияс жинцаго хъураб Къурбаналъул кириялда гьоркьоре хъизан – лъимал, агьлу гIахьал гьаризе бегьула»-ян.

Къурбан хъвезе тIалъула, ай паризаяблъун лъугьуна назру гьабун ва тIаде босун бугони, цIар чIван бугониги. Масала, гьаб куй Къурбаналъе хъвезе бугилан абун гьеб хъвезе тIадаб буго, гьелъул кинабго гьан бикьизе ккола. Къурбаналъе малъарал гIиял–цIани, гьездаса лъугьараб бихьинаб наслу Къурбаналъе хъвезе абун нийят гьабуни–гьеб ккола тIаде босараб Къурбан, гьелъиеги добго хIукму бачIуна. Гьединлъидал лъикIаб буго нийят гьабулев чияс мухIкан гьабизе Къурбаналъе хъолеб жоялъул цо лагайищ кьелеб садакъаялъе, лъабго бутIайищ, тIолабгойищ абун.




## БАРКУЛА ХЪУЛУХЪ!



*Руслан МуртазагIалиев, гIедерав, жигарав, жинца тIаде босараб иш ракIбацIцIадго, рагIаракьанде щун тIубазабулев, тIаде ккараб къо борхулев, баркула дуда цIияб хъулухъалъул болъоялда чIараб хIатIил гали!*

*Мун лъала лъикIав гIуцIарухъанлъунги, гIакълугун, гIодове виччан сабругун гIадамазулгун гьоркьоблъи батулев нухмалъулевлъунги, лъикIав цевехъанлъунги.*
*ЦокIалго гьаркьалги кьун ва гьединго хасс гьабун гIуцIараб комиссиялъул разилъиялдалъун, гьал гIагарал къояз мун тIамуна спорталъул, туризмаялъул ва гIолилазда гьоркьоб иш гьабиялъул отделалъул нухмалъулев. Гьелъие дур хIалбихьиги, хIатта, лъайги буго, бажаригун-жигар дуцагоги бихьизабиларищха.*

*Гьарула икъбал, къуват, къвакIи, къеркьеязулъ бергьенлъи ва гьединго районалдаги, гьеб бахун къватIибги нилъер районалъул тIаса бищараб командаялъ кидаго чIел босун руссине. Руслан ХIасанович дуде, божилъихьулгун, хьолбохъ дуда рахъун чIезе хIадураразул къукъаялъул къасдалгун хьулал дуца тIуразариялда божилъигун барки!*

**Районалъул администрация, райсобрание, киналго спортсменазул, тренеразул гъункараб гIуцIи ва "Гьудуллъи" газеталъул коллектив.**

**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**
***М-Р. ХI.ГъазимухIамадов***

**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова
**Дизайнер**
С. Камилова
**Корректор:**
П.МухIамадова
**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**
**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**
**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -300**
**Индекс-51349**
*Заказ №* _____